

DALAM acara pembagian sembako di balai desa, Sanggit, penulis cerita itu, melihat jutaan virus melayang-layang di dalam kristal-kristal udara. Virus-virus itu muntah dari mulut seorang pejabat yang berpidato dan tanpa masker, karena ia percaya bahwa virus itu tak lebih dari bibit penyakit bengek biasa. Sang pejabat itu tidak menyadari, selama ini ada jutaan virus yang sudah ngendon di dalam sel-sel tubuhnya. Tinggal menunggu untuk meledak!

Pengarang itu tidak malu dikelompokkan dalam keluarga miskin, karena memang benar-miskin. Hidupnya hanya bergantung pada keajaiban kata-kata, yang celaknya tidak setiap orang peduli. Sudah jutaan kata disanggit dalam berbagai tulisan, tapi tetap saja membeku di laci harapan, karena tidak ada peminatnya, termasuk penerbit atau redaktur media massa. Setiap tulisan yang dikirimkan, hanya memantulkan kesunyian. Ia merasa berkomunikasi dengan angin. Namun ia maklum, redaktur dan penerbit sama repotnya dihajar ketakutan oleh jutaan virus yang menyeringai. Kehidupan diserimpung jeda. Peredaran uang pun jadi seret. Maka, pada saat sulit, datangny bantuan sembako, bisa memperpanjang nafas Pengarang dan keluarganya.

Sore, ketika Pengarang itu hendak membuka bingkisan sembako, tatapan matanya disengat jutaan virus yang menggerombol di plastik pembungkus beras dan mie instan, juga di botol kecap dan minyak goreng. Bingkisan sembako itu kontan dilempar ke tong sampah. Namun mendadak ia mendengar suara tawa, yang ternyata dari mulut jutaan virus. "Kamu tak perlu takut," ujar Komandan Peleton Virus. "Bukankah kalian mau membunuh kami?" ucap pengarang,

Ludah

Cerpen Indra Tranggono



ILUSTRASI JOKO SANTOSO

gugup.

Komandan virus itu tertawa. "Bagaimana mungkin kami tega membunuh kalian? Kalian sudah kenyang menderita. Tanpa kami bunuh pun kalian akan mati sendiri."

"Tapi kenapa kalian datang mengancam kami?"

"Bertanyalah kepada pejabat pemberi sembako itu. Kami hanya menumpang saja, setelah tubuh-tubuh kami muncrat dari ludah pejabat itu..."

"Jadi kami bisa makan beras dan mie instan ini? Tanpa harus takut mati?"

"Makanlah. Kami akan menyingkir dari makanan yang kamu miliki. Masalah. Dan nikmatilah bersama anak dan isterimu..." Komandan Virus itu tersenyum.

"Jadi sekarang kita sudah berdamai?"

"Oh tidak. Tak akan ada perdamaian di antara kita. Kami tetap jadi ancaman bagi manusia. Kami mengincar nyawa manusia yang sembrono, bodoh dan lengah..."

"Termasuk aku dan keluargaku?"

Komandan itu menggeleng. "Kamu terlalu baik dan rendah hati. Mau menghormati keberadaan kami. Kami hanya membunuh orang-orang sombong dan tidak menghargai hidup!"

Jutaan virus itu lalu pergi. Sang pengarang menatapnya dengan masygul. Dilirikinya ongkakan sembako yang menyimpan tangis anak dan isterinya. Di kupingnya masih terngiang pidato pejabat, yang tanpa sadar memuntahkan jutaan virus melalui cipratan ludahnya. □-o

*) *Indra Tranggono*, penulis cerpen, naskah lakon dan esai.

Oase

ISBEDY STIAWAN ZS - LAMPUNG

SURAT TERBUKA

mungkin surat terbuka aku menulisnya di sebuah dinding wajah dari buku dunia, kau turut membaca. bersama ratusan orang pejalan dekat tembok itu

lalu kau hadiahiku yang dibeli di pasar tradisional; ramai subuh dan petang. "kubeli ini karena kau merindukan, seperti surat terbuka," katamu. aku pun mengeluarkan dari plastik besar

dan, hadiah yang kuterima kini sangat kubutuhkan. saat sirkus pandemi corona menggelar pertunjukannya di manamana

PEREMPUAN BERWAJAH MASAM

bahkan perempuan itu berwajah masam

saat mata lelakiku berbelok tuju. arah mata angin, penunjuk tuju; rumah dan makam

taman atau belantara

tersesat dalam berahi didamparkan ke entah

kalaupun lelaki itu cemberut karena cintanya kusut

di sisi perempuan itu ia pulang ke diri; sebagai lelaki yang diwarnai langit putih

HANYA PANGGUNG

menunggu riuh sampai di panggung di depan cahaya mengaburkan langkah

aku mabuk!

mana cara untuk mabuk hanya pada-Mu?

dari panggung turun tak limbung minjam mata elang aku pun terbang

kepada-Mu yang Satu!

4 ramadan 1441

DI DEPAN PINTU

"tunggu aku di depan pintu itu."

sementar saja aku jadi tamu sesaat bercakap dan meminta

apa artinya beberapa menit dari sehabian tualang dari lebih banyak beriang?

tak lama aku jadi tamu di ruang dan di paling depan agar kudengar percakapan dan segala kuminta, izinkan perkenankan

"tunggu aku di balik pintu."

*) *Isbedy Stiawan ZS*, lahir dan besar di Tanjungkarang, kini menetap di pengujung Lampung Selatan dan Kota Badarlampung. Menulis puisi, cerpen, esai, dan karya jurnalistik.

Sejak 1990-an menjadi jurnalis di berbagai media massa. Lebih dari 30 buku sastra menghimpun karya-karyanya. Terbaru adalah *Kini Aku Sudah Jadi Batu!* dan *Belok Kiri Jalan Terus ke Kota Tua*. □-o

MEKAR SARI

ING jaman sarwa modheren iki akeh wong sing ora bisa mbedakake endi gagak endi merak, endi jalak endi prenjak, endi walang endi kombang, endi kebo endi bantheng. Lumrahe, gagak kuwi wulune ireng njanges suwarane kasar lan sapolahe nggegilani. Dene merak awulu endah mancawarna, yen muni keprungu kaya wong gumuyu, sapolahe tansah nyenengke, gawe sengseme wong sing nyawang. Mula menawa bocah wadon utawa pawongan sing saparipolahe kaya pakartine merak mau diarani pakarti sing merak ati.

Pakarti kaya mangkono mau pranyata akeh kang padha migunakake kanggo sesinglon anyamun laku kanggo golek simpati lan ing tembe antuk kalungguhan. Kayadene kang dumadi ing Watuwelah tlatah Kampung Sungging klebu Kalurahan Sumping Kapanewon Wareng. Amarga anggone luwes wicara lan pinter migunakake tembung-tembung ngemu sihir, Gus Cipta kelakon madeg Adipati jejuluk Prabu Suryaningrat ing Kadipaten Selatinata. Wewengkone dumadi saka pitung kapanewon lan wolulukur kelurahan, nguwasani perenging Gunung Slamet nganti tekan kisiking samudra kidul.

Akeh para kawulane kang sumuyud sujud ing padane sang raja nganti asung wuluwetuning tetanen, dagang lelayaran, lan misaya mina. Sing pakaryane tetanen misungsungake asil tetanene. Sing pakaryane nelayan misungsungake wulu wetuning segara kalebu urang, yuyu, lan sawernaning mina. Sing dagang ing pasar caos saprasapuluhe anggone dedagangan. Kabeh mau kanggo pakej kang ancas tujuwane kanggo jejeg adeging kraton lan sebageyan kanggo kasejahteran lan makmuring para kawula.

Adeging kraton lan jejeging kalenggahan sang raja disengkuyung para demang sing dipilih saka pawongan kang nduweni pangaribawa kuwat sarta sugih lemah tegalan apadene sawah garapan. Pawongan mau dikantheni ageman sing abyor warna emas lan tandha pangkat ing lengen kanan kering lan dhadha. Saben demang kaparingan titihan jaran kanggo piranti njajah desa milangkori. Sanajan wis padha kagungan mobil lan motor kang luwih gesit lan singget wektu, parandene titihan jaran dipilih kanggo paring tandha menawa pawongan mau kadunungan pangkat lan semat, uga

nglestarekake budaya leluhur.

"Heh, para demang. Ingsun dhawuh marang sira kabeh, aja kongsi nglirowakake dhawungingsun."

"Sendika dhawuh, Sinuwun," ujar para demang bebarengan ngebaki pendhapa Kadipaten Selatinata yasan Dalem Sang Adipati Suryaningrat.

"Ingkang baku, sira kabeh kudu ngupaya kamakmuraning kawulaku saka perenging Gunung Slamet tumekaning kisiking samudra. Kala mangsa, para Demang kudu paring dana, nggeganjar para kawula kang mbutuhake."

"Sendika dhawuh, Sinuwun."

Nedheng-nedhenge padha wawanrembug ing antarane para demang lan punggawa

CERKAK

Gagak Awulu Merak

Dening Yonas Suharyono



ILUSTRASI JOS

Kadipaten, dumadakan kasaru pamberoting jaran-jaran titihaning para Demang, ucul seka cencangan mbedhal salang tunjang saparan-paran. Kadadeyan iku gawe cingaking kang padha nguningani, kalebu Sang Adipati. Jaran-jaran mau jirih lan getap merga tekane bocah bajang nyankinging pecut. Saben disabetake pecut mau ngatonake pletikan geni ambyor ing sakiwa tengene. Si bajang saya kerop anggone nyabetake pecute, gawe cingak kang padha nyekseni.

"Ingsun lilani sira kabeh bali, kondur Kademangan. Ingsun sing bakal ngadhepi kridhane bocah bajang iki," prentahe Adipati.

Sabubare pisowanan, pendhapa katon komplang, mung keprungu pengingehe lan

gedebuing jaran sing kamigilan. Adipati Suryaningrat dheleg-dheleg. Mula enggal ndangu marang bocah bajang sing gawe geger ing plataran pendhapa pangarsan. Sing didangu mesam-mesem semu marem marga bisa gawe dredah Kadipaten sing lagi pisowanan.

"Heh, bocah bajang. Sapa jenengmu? Apa karepmu gawe dredah ing plataran pendhapa kene?"

"Apa wis samar panyawangmu?"

"Ingsun ora pirs, sapa sliramu?"

"Aku bocah sing kobuwang sadurunge bisa ndeleng padhang donya iki. Aku mbabar saka guwa garbane Ibu sing koprawasa nalika semana. Awit pakartimu, Ibu nemahi tiwas sadurunge mbabarake aku. Aku tetep manggon ing guwa garbane Ibu. Pirsanana lan pirengna, gembung iki daksilih saka bocah pantaranku kang laire uga ora dikarepake dening wong tuwane. Mung wae bocah iki ketulungan merga disuh dening panti asuhan."

Jleg, pyur. Adipati Suryaningrat blangkemen, tutuke ora bisa mingkem, mripate ora bisa merem nganti ora eling purwaduksina. Ing sesawangane katon Rahajeng ngumbar esem, ngujiwat. Kenya kekasihe kuwi katon lagi nuntun bocah lanang demagang dolanan layangan. Sepuluh tahun kepungkur dheweke nitipake Rahajeng ing salah sawijining dhukun bayi kanthi niat nggugurake kandhutane, ya winihe sing ditanem ing rahime. Sawise masrahake amplop isi dhuwit, dheweke nggeblas minggat ninggalke mbok dhukun sing mesam-mesem karo Rahajeng sing bingung.

"Gus, tangi. Sampeyan melu aku neng kantor," panggetake petugas karo njiret tangane Gus Cipta sing isih ngagem beskap lan makutha raja.

"Iki ing sun arep kogawa menyang ngendi?"

"Wektu iki ora ana sira ora ana ing sun. Anane Gus Cipta sing kudu dakrangket amarga pakartimu gawe kisruhing warga tlatah kene."

Gus Cipta ora bisa suwala, kaya kebo dicongok cingure. Ageman kraton lan makutha sing sarwa moncer dicopoti dening petugas, diganti nganggo kaos oblong warna ireng tinulisan 'tahanan' lan 'gagak awulu merak'. □-o

Purwokerto, Juni 2020

Geguritan

Irul S Budianto

Prolog Wengi

aja koksengguh bengi iki rembulan gelem diajak mudhun menyang plataran crita ngenani kasangsayane bocah-bocah kepara suwe ora bisa ngglawat, ora bisa mamah nglumbruk ing gumelare klasa bedhah

rembulan sajake luwih seneng kangsenan klawan mega-mega nganti byar-byaran nguthuti angka-angka ngremit pating bececer ing jembare langit

bengi iki bocah-bocah ajarana ngeja lan nyurasa werdine kahanan murih ing tembe ora bakal gedandaban kalamangsane mrangguli rembulan salin salaga gawe mbesesege dhadha

aja koksengguh bengi iki rembulan gelem diajak mudhun menyang plataran mbokmenawa dheweke wis lali janjine lali asal-usule

aku kowe mung bisa grenengan dhewe : dadine kok kaya ngene, ora kelingan biyene 2020

Kwatin Kanggo Trimana Laksana

bareng Yan Tohari lan Turio Ragilputra awake dhewe asring nglukis Yogyakarta nganggo eluh ing sela-selane mecaki dalan-dalan sing prawan mundhi lungide dhawuh sang panembahan

2019

Cathetan Klawu Wayah Wengi

lintang-lintang bengi iki embuh ana ngendi kamangka aku kepengin ngudhal wingide janji sasuwene iki durung kober ditegesi

rembulan bengi iki ora ana kabare sajak klewa-klewa diajak crita apa anane ngenani muyege lelakon sing kudu dijarwakake

o, lintang rembulan apa bengi iki klakon daktulis cathetan klawu kalane dhadha kadhung kumetab sar-saran : larikane dina sing tansah rinengga esem guyu saiki wis arang keprungu krana wingide janji kalindhih dongeng-dongeng murahan ngreranta ati

2020